



"Se dlo rivye nou bwe. Akwatab la ap koupe branch trip nou. Tout kantite nou mete li anme."

Gason,  
20-30 ans, Roche-à-Bateau, Sud

"Si w mete akwatab sou yon rad lap chire l, m pa bezwen di w pou trip ou."

Fanm,  
30-50 ans, Chantal, Sud



## AKWATAB / AQUATAB

"On boit l'eau des rivières. Les AquaTabs nous tuent, quel que soit la quantité qu'on met, l'eau a un goût amer."

Homme,  
20-30 ans, Roche-à-Bateau, Sud

"Si on met une AquaTab sur un vêtement ça va le déchirer, alors je te raconte pas ce que ça fait sur tes intestins!"

Femme,  
30-50 ans, Chantal, Sud

### REPONS

**Dlo ki soti nan sous yo sipoze potab, moun ka bwè yo.** Paske lè li soti nan tè a, li pase nan yon paswa ki natirèl. Men li ka vinn kontamine si moun kap pran dlo nan sous la pa pwotegèl. Li ka kontamine si gen bèt mouri nan zòn sous la, si yo jete fatra, benyen ak twalèt bò kote l. Li se yon risk nan moman lapli ap tonbe epi gen viris kolera kap pwopaje.

**Dlo ki trete ak akwatab la pata sipoze reprezante yon danje,** paske pwodui ki nan akwatab la touye mikwob ki nan dlo a. Akwatab la bay dlo a yon ti gou amè men li paka bay vant fè mal. Kounyea se pou nou fè atansyon ak konbyen grenn akwatab nap mete nan bokit ak galon dlo nap sèvi yo. Tablèt akwatab la gen 2 dozaj, youn pou 1 galon e yon lòt pou veso 5 galon. Epi pa bliye nou sipoze bay dlo a yon ti tan avan nou met akwatab ladan l pou tout kras rete anba bokit, konsa akwatab la ap ka mache pi byen. **Nan zòn andeyò yo, moun yo konn plis abitye ak dlo sous. Kidonk lèw pote on lòt dlo ki pa dlo sous, yo fasil wè yon gwo diferans.**

### RÉPONSE

Normalement l'eau de source est potable, on peut la boire. En traversant plusieurs parties sous terre elle subit une épuration naturelle. Mais l'eau de source peut être contaminée par les mauvaises pratiques de la population. S'il y a des cadavres d'animaux morts dans les environs ou si on utilise l'environnement de la source pour jeter des débris, se baigner ou faire ses besoins naturels ; tout ça peut contaminer la source. Quand on fait ses besoins à côté d'une source et qu'il pleut ça peut aider le cholera à se propager. **L'eau traitée avec AquaTabs n'est pas dangereuse,** parce que les produits qui sont dans l'Aquatab tuent les microbes qui sont dans l'eau. Le chlore qui est dans l'aquaTabs peut donner un arrière-goût amer mais ne donne pas de maux de ventre. Mais il faut faire attention au dosage. Il y a deux dosages : un dosage pour les pastilles faites pour 3,78 litres (1 gallon) et celles faites pour 18,9 litres (5 gallons). Et il ne faut pas oublier de laisser l'eau reposer dans le sceau avant de mettre la pastille dans l'eau pour que toutes les crasses restent en bas et que l'AquaTab soit efficace.

**Dans les zones rurales, la population est souvent habituée à boire l'eau de source. Donc boire une eau qui ne vient pas de la source peut être différent.**

"Kolerin nan kontinye ap bay pwoblem, se gaz ak soufri grangou ki bay li."

Gason,  
+50 ans, Chantal, Sud



"La cholérine donne toujours des problèmes. Ce sont les flatulences et la faim qui la provoque."

Homme,  
+50 ans, Chantal, Sud

"Se on kolerin ki gen nan zon nan kounya. Mtandé yo di se gaz ak lè w pa byen manje, se sa ki bay li."

Fann,  
30-50 ans, Marfranc, Grandans

"Il y a la cholérine à présent dans la zone. J'ai entendu dire que ce sont les flatulences, ou quand on ne mange pas bien qu'on a la cholérine."

Femme,  
30-50 ans, Marfranc, Grande Anse

## KOLERIN / CHOLÉRINE

REPONS

Kolerin manifeste pa yon **dyare ki akonpanye de yon pouse**, li bay **glè, pafwa li gen san ladan l**. Moun ki gen kolerin nan gen anpil vant fè mal. Kolerin se yon enfeksyon moun pran nan sa wap manje. Se yon maladi ou pran nan sa wap mete nan bouch ou, tankou lè ou bwè **dlo ki pa trete, nan manje ki kontamine**, espesyalman legim kri ki pa byen lave ak dlo trete. Moun pran kolerin tou lè l manje **ak men l sal**. Pwoblèm gaz ak kolerin, se de bagay diferan. **Se pa gaz ki bay kolerin**. Prevansyon kolerin nan, se bwè dlo trete, se manje manje ki byen kwit, legim ak fwi ki byen lave ak dlo trete epi toujou lave men nou anvan nou manje. **Depi nou wè nou gen sentom kolerin, nou dwe ale cheche èd medical.**

RÉPONSE

La cholérine est une forme de **diarrhée** accompagnée de **maux de ventre**. Elle est **formée de glaire** et parfois peuvent être **accompagnées de sang**. La cholérine est une infection que l'on attrape **en consommant de l'eau non potable**, de la **nourriture contaminée**, et spécialement des légumes et des fruits qui ne sont pas lavés avec de l'eau potable. On peut attraper la cholérine en mangeant avec **les mains sales**. **Avoir des gaz et ne pas manger assez ne causent pas la cholérine**. Pour éviter d'attraper la cholérine il faut toujours boire de l'eau traitée, manger des choses bien cuites, et des fruits et légumes qui sont bien lavés avec de l'eau traitée et se laver les mains avec de l'eau traitée avant de manger. **Si vous avez les symptômes de la cholérine allez chercher de l'aide médicale.**




"  
*Kolera, yo di se vibriyokolere nan dlo, men nou kwè tou gen poud kolera deyo a.*"

 Gason,  
30-50 ans, Les Anglais, Sud


"  
*Gen poud kolera tou ki deyo-a, kap touye moun. Depi yo pran ladanl, yo pa viv.*"

 Gason,  
20-30 ans, Les Anglais, Sud

"  
*Choléra, on nous dit c'est le vibrio-cholera qui est dans beau, mais nous on croit qu'il a y une poudre cholera qui circule.*"

 Homme,  
30-50 ans, Les Anglais, Sud

"  
*Les gens utilisent une poudre cholera qui tue les gens. Dès qu'ils rentrent en contact avec cette poudre, ils meurent.*"

 Homme,  
20-30 ans, Les Anglais, Sud

## KOLERA / CHOLÉRA

REPONS

**Wi, kolera se yon bakteri ki rele Vibriyokolere ki bay li. Se yon maladi feko oral li ye, sa vle di, ki lye ak kesyon lijen ak asenisman. Paka gen yon poud kolera. Menm si nan kwayans nou, anpil moun vle fè kwè sa. Depi yon moun gen kolera, se paske li antre an kontak ak bakteri ki bay maladi-a, swa nan dlo, oubyen nenpòt lòt bagay ki entwodui nan bouch li.**

RÉPONSE

**Le cholera est une maladie causée par une bactérie qui s'appelle vibrio-cholera. C'est une maladie feco-orale liée aux conditions d'hygiène et d'assainissement. Il n'y a donc pas de « poudre choléra ». La « poudre choléra », même si c'est une croyance populaire n'existe pas. Les personnes atteintes du « choléra » ont forcément été en contact avec la bactérie qui donne cette maladie par voie orale (la bouche), en mangeant, en buvant, ou avec les mains.**



"*Tout moun ki te viktim nan Matye-a, yo gen kolerin.*"

Fanm,  
20-30 ans, Les Anglais, Sud

"*Tous les victimes du cyclone Mathieu ont la cholérine.*"

Femme,  
20-30 ans, Les Anglais, Sud

## MALADIES / MALADI

REPONS

Après le passage de l'ouragan Matye-a, bèt ki mouri, lapli kap tonbe, ak kondisyon ijyèn yo, se kèk eleman ki ka lakoz maladi kolerin nan touche anpil moun nan popilasyon ki afekte yo. **Sepandan, anpil moun, nan lòt zòn ki pat frape nan siklòn lan trape maladi kolerin lan tou. An menm tan, anpil moun ki te afekte nan siklòn nan, pa ekspoze a maladi-a, paske yo pran bon jan dispozisyon ijyèn pou sa.** Kidonk, sa pa vle di tout moun ki te viktim nan Matye ap trape maladi-a. **Se pou sa, li enpòtan pou toujou kenbe prensip ijyèn yo. Depi nou wè nou santi sentom kolerin, nou dwe ale cheche èd medikal.**

RÉPONSE

Après le passage de l'ouragan Matthew, les pluies, les cadavres d'animaux et les mauvaises conditions d'hygiène ont contribué à la propagation de plusieurs maladies dans les zones affectées, y compris de la cholérine. **Cependant, la maladie touche également des populations dans les zones qui n'ont pas été touchées par l'ouragan. Toutes les personnes affectées par l'ouragan Matthew n'ont pas attrapé la cholérine et ont pu s'en prémunir grâce à une application stricte des règles d'hygiène.** Par conséquent, on ne peut pas dire que toutes victimes de Matthew ont forcément la cholérine. **C'est pour ça qu'il est toujours important de suivre les mesures d'hygiène. Si vous avez des symptômes de la cholérine, allez chercher de l'aide médicale.**